

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh mangrupa salah sahiji alat nu pang pentingna dina kahirupan manusa, sabab basa mangrupa pakakas komunikasi, pikeun ngedalkeun pikiran jeung rasa. Aya opat aspék kaparigelan basa anu perlu dicangkem, nu ngawengku kaparigelan: ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita. Kaparigelan ngaregepkeun jeung kaparigelan maca anu mangrupa kaparigelan réseptif, sedengkeun kaparigelan nyarita jeung kaparigelan nulis anu mangrupa kaparigelan produktif.

Salah sahiji kaparigelan basa nya éta nulis, anu nurutkeun Tarigan (dina Nurjanah, 2009, kc.1) nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi. Nulis mangrupa salah sahiji kagiatan anu mangrupa kaparigelan produktif dina kaparigelan basa. Nulis ogé mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu kudu dilatih. Kusabab éta diajar nulis téh pohara pisan pentingna.

Tangtu waé kaparigelan nulis siswa téh kudu ngaliwatan prosés diajar. Diajar minangka salah sahiji kabutuhan dasar manusa mangrupa hiji prosés anu lumangsung ti mimiti gubrag ka dunya. Diajar téh tan wates, bisa iraha waé, dimana waé, timana waé, jeung tisaha waé. Guru salaku nu ngajar di sakola miboga peran penting dina prosés diajar siswa. Witherington (dina Hanafiah jeung Suhana, 2012, kc. 7) ngébréhkeun yén diajar mangrupa parobahan dina kapribadian anu dimaniféstasikeun salaku pola-pola réspon anyar dina wangun kaparigelan, sikep, kabiasaan, pangaweruh, jeung *kecakapan*. Nurutkeun Gagne, Berliner, jeung Hilgard (dina Hanafiah jeung Suhana, 2012, kc. 7) ngébréhkeun yén diajar nya éta hiji prosés parobahan paripolah anu muncul tina pangalaman.

Sadiman, dkk. (2009, kc. 2) ngébréhkeun yén diajar nya éta hiji prosés anu kompléks anu kajadian dina diri sakabéh jalma jeung lumangsung saumur hirup, ti mimiti orok kénéh nepika maotna. Jadi dina kahirupan urang téh pasti

butuh pikeun diajar, kitu ogé dina nulis warta. Urang tangtu moal ujug-ujug bisa nulis warta, tapi, urang bakal ngalaman prosés diajarna ogé.

Diajar nulis téh pohara pisan pentingna, ku sabab éta diajar nulis mangrupa salah sahiji pangajaran di sakola. Dumasar Kurikulum 2013 Mata Pelajaran Bahasa Sunda, siswa kelas VIII SMP/MTs diajarkeun sababaraha kaparigelan nulis, di antarana aya nulis warta, nulis sisindiran, nulis biantara, nulis téks bahasan, nulis surat, jeung nulis carpon.

Salasahiji pangajaran di SMP/MTs kelas VIII nya éta pangajaran nulis warta. Warta nya éta katerangan atawa béja ngeunaan hiji kajadian atawa hiji hal anu ditepikeun ka balaréa ngaliwatan média massa, boh média citak saperti koran jeung majalah, boh média éléktronik saperti radio, télévisi, jeung internét. Nurutkeun Paul De Maeseneer (dina Olii, 2007, kc.25) nétélakeun yén warta dihartikeun salaku informasi anyar ngeunaan kajadian nu anyar, penting, jeung miboga makna (*significant*), nu gedé pangaruhna ka sakumna pamiarsa sarta luyu keur masarakat.

Prosés diajar di sakola tangtu miboga sababaraha bangbaluh ogé. Guru salaku pangajar kudu inovatif jeung kreatif dina ngajalankeun prosés pangajaran di kelas, sabab siswa pasti bakal leuwih resep jeung getol diajar lamun guruna kréatif dina nepikeun pangajaranna.

Salah sahiji inovasi guru dina prosés pangajaran nya éta ku cara ngagunakeun média pangajaran dina prosés pangajaran di kelas. Aya rupa-rupa média pangajaran nu bisa dipaké ku guru. Média pangajaran téh dibagi jadi tilu rupa, nya éta média visual, audio, jeung audio visual.

Dina proses pangajaran nulis warta, khususna di kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017 guru salaku pangajar kadang manggih rupa-rupa bangbaluh, salah sahijina nya éta kamampuh siswa anu masih héngkér dina nulis warta. Masih aya siswa anu can bisa ngabédakeun antara nulis warta, pangalaman pribadi, jeung biantara. Tangtu lain siswa di kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017 anu miboga bangbaluh nu jiga kitu téh. Kusabab éta, média pikeun pangajaran nulis warta pohara pentingna dina ieu pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta siswa. Guru terus-terusan kudu ngajieun inovasi pikeun ngajar. Nurutkeun Suryosubroto (2009, kc: 23) guru dipiharep bisa

ngarancang jeung nepikeun pangajaran pikeun ngamudahkeun siswa dina proses diajar. Salah sahiji cara pikeun ngajieun inovasi éta nya éta kucara ngagunakeun média pangajaran dina prosés pangajaranna.

Nurutkeun Sadiman, spk. (2009, kc. 6) ngébréhkeun yén média nya éta panganteur ti nu ngirim pesen ka nu narima pesen. Nurutkeun Gerlach & Ely (dina Arsyad, 2013, kc.3) ngébréhkeun yén lamun leuwih diteleman deui, média téh nya éta manusa, matéri, atawa kajadian nu ngawangun kondisi jeung ngajieun siswa mampu nyangkem pangaweruh, katerampilan, atawa sikep. Sedengkeun nurutkeun Arsyad (2013, kc.3) media dina prosés diajar leuwih bisa di hartikeun salaku pakakas grafis, fotografis, atawa éléktronis pikeun nyangkem, ngaprosés, jeung nyusun ulang informasi visual atawa vérbal.

Média gambar mangrupa salah sahiji média pikeun pangajaran. Média gambar kaasup kana alat bantu visual, nu bisa méré pangalaman nu konkret, motivasi diajar sarta ngaronjatkeun *daya serap* jeung *retensi* diajar siswa. Nurutkeun Rohani (1997, kc. 76) gambar bisa ngabantuan guru dina ngahontal udagan *instruksional*, sabab gambar kaasup média anu gampang jeung murah sarta gedé hartina pikeun ngaronjatkeun ajén pangajaran. Gambar ngabalukarkeun pangalaman siswa jadi leuwih jembar jeung teu gampang di pohokeun, sarta leuwih *konkret* dina ingetan siswa.

Nurutkeun Rakhmawati (2011, kc. 5) média gambar peristiwa mangrupa média nu mangrupa gambar hiji peristiwa atawa kajadian nu geus lumangsung. Media gambar peristiwa kaasup kana alat bantu visual, nu bisa méré pangalaman nu konkret, motivasi diajar sarta ngaronjatkeun *daya serap* jeung *retensi* diajar siswa. Ieu média mangrupa gambar (foto) anu nyaritakeun hiji peristiwa, misalna peristiwa banjir, urug, kacilakaan lalu lintas, jsb.

Ditinggali tina sawangan di luhur, média gambar peristiwa bisa dipaké ku guru pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta di kelas VIII pikeun hasil diajar nu leuwih hadé.

Nilik kana hal-hal di luhur, ieu panalungtikan anu dijudulan “Média Gambar Peristiwa pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII G SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2016/2017)” perlu pisan dilaksanakeun.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. kamampuh nulis warta siswa héngkér, ditilik tina unsur wartana, éjahan, kosa kecap, struktur wartana, jeung basana;
- b. média gambar peristiwa ngabantuan siswa dina néangan ide jeung ngamekarkeunna kana wangun warta;

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalahna dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis warta siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017 saméméh pangajaran nulis warta ngagunakeun média gambar peristiwa?
- b. Kumaha kamampuh nulis warta siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017 sabada pangajaran nulis warta ngagunakeun média gambar peristiwa?
- c. Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis warta siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada ngagunakeun média gambar peristiwa?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nguji média gambar peristiwa pikeun pangajaran nulis warta dina ngaronjatkeun kamampuh nulis warta siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis warta siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017 saméméh ngagunakeun média gambar peristiwa;

Desi Purnamasari, 2017

*MÉDIA GAMBAR PERISTIWA PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. kamampuh nulis warta siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017 sabada ngagunakeun média gambar peristiwa; jeung
- c. bédana anu signifikan antara kamampuh nulis warta siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada ngagunakeun média gambar peristiwa.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Sacara téoritis mangpaat ieu panalungtikan nya éta, ngajembaran pangaweruh ngeunaan média pangajaran pikeun ngaronjatkeun pangajaran di sakola, dina ieu panalungtikan utamana ngeunaan média gambar peristiwa salaku média pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- a. pikeun nu nalungtik, ngajembaran paélmuan nu keur ditalungtik.
- b. pikeun guru, bisa dijadikeun pilihan média pangajaran dina raraga nepikeun bahan pangajaran ngeunaan nulis warta.
- c. pikeun ulikan pangajaran Basa Sunda satuluyna.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I eusina ngeunaan bubuka, nu medar ngeunaan kasangtukung masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan pustaka, raraga mikir, jeung hipotésis, nu ngawengku ngeunaan nulis warta, wangenan média gambar peristiwa, raraga mikir jeung hipotésis sarta sagala hal anu aya patalina jeung matéri bahan pangajaran.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, medar nu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan, anu ngawengku kamampuh nulis warta siswa saméméh ngagunakeun “perlakuan”, kamampuh nulis warta siswa sabada ngagunakeun “perlakuan”, jeung éféktivitas média gambar peristiwa pikeun pangajaran nulis warta (ngawengku uji sipat data, uji gain, jeung uji hipotésis).

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung saran. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, jeung méré saran kana panalungtikan anu salajengna.